

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Carita rayat anu aya di Kacamatan Cigasong Kabupatén Majalengka anu kakumpulkeun dina ieu panalungtikan aya tilu belas carita. Dina tilu belas carita rayat éta, caritana kabéh kaasup kana légenda.

Dumasar kana hasil analisis unsur-unsur intrinsik dina carita-carita rayat anu aya di Kacamatan Cigasong, aya sababaraha hal anu kapanggih nya éta:

- a) Téma anu kapanggih tina carita-carita rayat Kacamatan Cigasong nya éta réligius, sosial, kapamingpinan, jeung Asal-muasal ngaran hiji patempatan/toponimi. Téma réligius aya 5 carita, téma sosial aya 2 carita, téma ékonomi 1 carita, téma asal-muasal ngaran tempat/toponimi aya 2 carita;
- b) Palaku anu kapanggih tina carita-carita rayat Kacamatan Cigasong nya éta para sesepuh jeung pingpinan, di antarana Embah Kuwu Leutik, Tumenggung Natakarya, Tumenggung Jagawéswa, pangéran Jaya Wiyasa, Pangéran Martaguna, Embah Kawung Poék, Embah Jénggot, Embah Karsijem. Aya ogé palaku anu nyebarkeun agama Islam di antarana Kyai Ibrahim, Kyai Ba'im, Ki Ahsan Mua'rif, Syéh Majaji, Pangéran Jayawiyasa, jeung Nyi Antasari Manik;
- c) Galur nu aya dina carita-carita rayat Kacamatan Cigasong maké galur mérélé, lantaran leunjeuran caritana ngaruntuy atawa mérélé;

- d) Latar tempatna nya éta di antarana di padukuhan, pilemburan, mumunggang pasir, pasantrén, leuwi, leuweung, sisi walungan, pagunungan, karajaan, pamakaman, balong masjid, jeung kabuyutan. Sedengkeun latar waktuna nya éta mangsa jaman penyebaran Islam, jaman karajaan, jaman penjajahan, wanci subuh, jeung peuting. Latar situasina kagambarkeun ku situasi dur-der perang, pacékcokan, pada ngomongkeun, mumusuhan, ripuh ngurus pamaréntahan, éndahna pilemburan, raména pilemburan, raména karajaan, jeung kakurangan bahan kadaharan;
- e) Amanatna nya éta sagala hal anu rék dipigawé, kudu dibarengan ku niat ikhlas jeung kasabaran. Ulah sok rurusuhan tur ulah sok gampang kabawa ku napsu, hasil atawa henteuna, éta mah urusan Gusti Nu Maha Kawasa.

Sabada dipaluruh jeung ditalungtik kalawan gemet maké ambahan pangajaran, sarta diluyukeun jeung *Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda*, tétéla yén ieu carita rayat (dongéng) anu aya di Kacamatan Cigasong Kabupatén Majalengka téh ditilik tina struktur, punksi jeung klasifikasina, éta carita lolobana bisa dijadikeun bahan pangajaran di SMA, tapi aya sababaraha carita rayat anu kurang cocog saupama dijadikeun bahan pangajaran di SMA, di antarana carita “Sasakala Lembur Tonjong” jeung “Sasakala Lembur Karayunan”, lantaran eusi caritana dicaritakeun basajan pisan, anu tangtu baé kurang luyu dijadikeun bahan pangajaran dongéng di SMA.

Tina pedaran di luhur bisa dicindekkeun:

- 1) Carita rayat Kacamatan Cigasong anu kakumpulkeun jeung kadéskripsikeun aya 13 carita;
- 2) Sakabéh carita rayat Kacamatan Cigasong téh bisa dianalisis unsur intrinsikna, sok sanajan aya sababaraha carita anu teu bisa dianalisis unsurna, utamana dina watek palaku jeung latar waktu;
- 3) Klasifikasi carita rayat Kacamatan Cigasong, tina 13 carita anu kakumpulkeun umumna kaasup kana légenda/sasakala;
- 4) Tina 13 carita rayat Kacamatan Cigasong anu kakumpulkeun, aya 2 carita anu kurang cocog pikeun dijadikeun bahan pangajaran nya éta “Sasakala Lembur Karayunan” jeung “Sasakala Lembur Tonjong”, lantaran eusi caritana dicaritakeun basajan pisan. Carita anu cocog pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran di SMA aya 11 carita, anu ngawengku: “Sasakala Lembur Cigasong”, “Sasakala Lembur Ténjolayar“, “Sasakala Lembur Simpeureum”, “Sasakala Lembur Baribis”, “Carita Embah Ki Ahsan Mua’rif”, “Sasakala Leuwi Tinjo”, “Sasakala Lembur Batu Jaya”, “Sasakala Lembur Kutamanggu”, “Carita Béntang Ayunan”, “Sasakala Lembur Cicénang”, jeung “Sasakala Lembur Kawung Hilir”.

5.2 Saran

Hasil tina ieu panalungtikan, aya sababaraha saran pikeun ngaronjatkeun hasil pangajaran basa Sunda dina widang sastra nya éta carita rayat, boh keur guru-guru basa sunda, boh keur calon-calon anu nalungtik, nyaeta:

- a) Guru-guru basa Sunda dipiharep mampuh tur parigel, dina milih bahan pangajaran basa Sunda hususna dina pangajaran sastra ngeunaan carita rayat (dongéng), sangkan luyu jeung kahayang katut kamampuh siswa;
- b) Dina milih jeung nangtukeun bahan pangajaran ulah nyoko teuing tina hiji sumber, tapi dipiharep ogé kréatif néangan ti sumber séjénna;
- c) Carita rayat Kacamatan Cigasong mangrupa salah sahiji karya sastra lisan warisan karuhun urang Sunda sacara turun-tumurun, nu ngandung ajén atikan. Ku kituna urang kudu bisa ngajaga tur ngamumulé éta carita, sangkan henteu leungit tur bisa diwariskeun ka génerasi nu bakal datang.
- d) Ieu panalungtikan teh teu diuji cobakeun, ku kituna can tangtu cocog upama langsung disodorkeun ka siswa di kelas. Ku lantaran kitu, perlu ayana panalungtikan anu lewih jero, pangpangna ngeunaan kamampuh siswa dina ngaprésiasai carita rayat Kacamatan Cigasong.
- e) Hasil ieu panalungtikan bisa dijadikeun salah sahiji alternatif, pikeun bahan pangajaran sastra Sunda di SMA.